

Motivasyon

1. **Tilandeng**
2. **Gran nèg**
3. **Èda (Ft. Adegunle Gold / Michael Brun)**
4. **Les Geôliers**
5. **Pwofesè yo**
6. **Tigason**
7. **Geometry of time**
8. **Swiv wout ou**
9. **Mon îlot**
10. **Bousòl**

Lyrics

1-Tilandeng

Intro

You jou fè nwa, yon jou limyè, mwen la toujou.
yon jou mizè, Yon jou lajwa, m-kwè nan lanmou.
Louvri barryè, barryè fèmen
kreye chimen, fò-m wè démen
kot douvanjou ?

mwen la...mtoujou kanpe drèt san fè koub
ni pliye kolonn vètebral
mwen la....mtoujou ap lite san fè foub, mpap negosye ret vètikal
mwen la... sa fèm pa janm bese tèt, ni mpa gen baboukèt
hey... pa kite moun janm mache sou pye'w
hey... pa kite moun jwe nan volote,
hey... ni vinn dekourajew, se wou'k mèt volontew
mson ti landeng deng depim piti msou menm
hey... pa kite moun konprann pou dejwe'w
hey... pa kite moun kwè yo ka achtew
ni pou manipilew, se wou'k mèt destine'w
mson ti landeng deng BelO B wi Beng Beng

Mwen s-on-w Tilandeng

m-pa janm bay légen, tankou-w lach,
yon kréten nan la vi mwen.

M-an réleng

m-pa yon manfouben, yon apach
san désten se pa rèv mwen.

Tèt pou tèt, map gad lavi a nan je

Pran kout bèk menm kontinye pèsevere

Mwen fébli, mpa fléchi, map avansé. Adye !!!

mwen la...mtoujou kanpe drèt san fè koub, ni pliye kolonn vètebral
mwen la....mtoujou ap lite san fè foub, mpap negosye ret vètikal
mwen la... sa fèm pa janm bese tèt, ni mpa gen baboukèt
hey... pa kite moun janm mache sou pye'w
hey... pa kite moun jwe nan volote,
hey... ni vinn dekourajew, se wou'k mèt destine'w
mson ti landeng deng depim piti msou menm
hey... pa kite moun kwè yo ka dejwe'w
hey... pa kite moun kwè yo ka achtew

ni pou manipilew, se wou'k mèt destine'w
mson ti landeng deng BelO B wi Beng Beng

Mwen s-on-w konbatan ki gen san vètyè,
Mpa pè move van boulèt lavi pou mwen se pousyè
Mwen s'on nèg vanyan, ki gen karaktè
Move tan, move klan pap foure'm nan move zafè
Tèt pou tèt, mtoujou gad lavi a nan je
Pran kout bèk menm kontinye pèsevere
Mwen fébli, mpa fléchi, map avansé. Adye !!!

mwen la...mtoujou kanpe drèt san fè koub, ni pliye kolonn vètebral
mwen la...mtoujou ap lite san fè foub, mpap negosye ret vètikal
mwen la... sa fèm pa janm bese tèt, ni mpa gen baboukèt
hey... pa kite moun janm mache sou pye'w
hey... pa kite moun jwe nan volote,
hey... ni vinn dekourajew, se wou'k mèt destine'w
mson ti landeng deng depim piti msou menm
hey... pa kite moun kwè yo ka dejwe'w
hey... pa kite moun kwè yo ka achtew
yap finn itilize'w, yap ridikilize'w
mson dilandeng, dilandeng menm

hey... pa kite moun pyès moun mache sou pye'w
hey... pa kite moun kwè yo ka achtew,
ni pou yo vinn dejwe'w, oh lord ! yo mèt di'w tilandeng
mson ti landeng deng depim piti msou menm
hey... pa kite moun kwè yo ka achtew
pa kite mounn manipilew
ooooh, mson tilandeng menm depi'm piti msou menm

Lyrics: Jean Winer PASCAL and Jean Bélony MURAT/BéIO
Music: Jean Bélony MURAT/BéIO

2-Gran nèg

Yo di lò-w bay ou vinn pi rich
ou vinn pi pòv lò-w s-on-w moun chich
Tout sa-w kenbe, li diminye
sere-l byen fon, li pral gate
tout sa-w bay miltipliye
syèl la bay pou-n pa manke.
Pa rét konté sa-w gen nan pòch
Plis ou vle bay
plis ou genyen
Sé pa rétay
sé milyon ven.
Si-w kontan bay
tout bagay ba-w légen.

Paské-w gran nèg pasé lajan
ou pi gran nèg pasé lajan
W-a vinn pi gran nèg ké lajan
lamityé vo pasé lajan.

Youn liv fèmen s-on-w pil papyé
oun liv ouvè, fò-w konn kisa sa yé
Filantwopi-w pi plis pase tout liv
filozofi-w dwe plis pase bout kwiv
Gen sa-k gen lò ak tout dyaman
pafwa yo pòv pasé lajan.
Ésans la vi-w, sa pa nan pòch
Plis ou té bay
plis ou genyen
Sé pa rétay
sé milyon ven.
Plis ou vlé bay
plis andan kè-w limen

Paské-w gran nèg pasé lajan
ou pi gran nèg pasé lajan
W-a vinn pi gran nèg ké lajan
lamityé vo pasé lajan.

Richès san sajès pa anyen
Pitow kreye travay,
Kreye moyen byen sikile
Pou riches miltipliye
Lè saa wa granneg
BelO 'k di sa

Bridge:

Siw se yon bon samariten
Ride chak frè'w ki nan bezwen
Charite pap chase mal site
Kreye djòb, restore la dinyite

Fratènite vo pase lajan
solidarite vo pase lajan
lamityé vo pasé lajan
trankilite vo pase lajan
pitow granneg ou san lajan

3-Èda

Si-m te gen lajan
m-ta acht-on-w gato pou Èda
Si-m te gen dola
m-ta pote krèm glasé pou Èda
Si-m te gen Séza
M-ta pot-on-w chokola pou Èda.

Elas, se malere m-ye
Sa-m tiye m-pa ka sale
Se demwatye m-ye
Mwen pa gen lajan sere
Pran “fransèlèt” la pou mwen
Kenèp la pou-m pote pou Èda.

Èda wo, Èda wo
Èda wo, Èda wo
Mpral bouyi mayi, manyòk mwen
Poum pote pou Èda
Avèk yon krich dlo.

Mayilòv, Èda se mayilòv
Mayilòv, Èda se mayilòv
Mayilòv, Èda se mayilòv.

Mwen pa gen limouzinn
Pou-m al vizite Èda
M-pa gen bèl machinn
Pou-m ta pase wè Èda
Sé péyizan m-ye
Se chwal mwen konn galope
Se abitan m-ye
Nan savann mwen valkande
Mare ti chwal la pou mwe
Sele-l pou mwen, m-pral wè Èda.

Bridge:

Mpa bezwen boulva pou'm al wè Eda
Ti wout dekoupe mennenm kay Eda
Chimen pye fouye mennenm wè Eda
mwen swiv tras lawouze
jouskaske mwen rive

Mayilòv, Èda se mayilòv
Mayilòv, Èda se mayilòv
Mayilòv, Èda se mayilòv.

(Wo, w-fè-m délala
Èda wo, w-fè-m délala
Wo, w-fè-m délala
Èda wo, w-fè-m délala)

Se péyizan m-ye
Se chwal mwen konn galope
Se abitan m-ye
Nèg fèy, nèg jaden mwen ye
Sele poulen yan pou mwen
Bride-l pou mwen, m-pral wè Èda.

Lyric & Music: Jean Bélony MURAT/ BÉLO

4-Les géôliers

Le nom des maladies
lié aux importations
Vais-je à la pharmacie?
Au bas de la ville
Guérir mes conditions.
Au Coeur de mon bidonville
malaises et tourments
qui détruisent mon corps
je crève et je perds mes billes
meme les aliments
Rongeant mes anticorps
J'voudrais mon thé de camomille.
les entrailles de mes terres piégées
mes paysans bafoués
Mon agriculture axphyxiée
j'importe des poisons emboîtés.
Pour consommer.

Ils attaquent mes gènes
et installent la peine
Dans le rythme de mon coeur
les battements de douleur
Ils empoisonnent mon sang
ils emprisonnent mon temps.

La santé en prison
les géôliers en blouson
Les seringues de la peur
les malades injectés
et Les pilules du malheur
les patients enragés
École de la démence
formules de la souffrance.
Les feuilles et les écorces
qui nous donnent de la force
ne sont plussous les kiosques des marchés
Les plantes médicinales
rayées dans les annals, ca fait mal
Charlatans et sorciers
Glorifiés, célébrés
Mais quelle atrocité cachée.

Ils attaquent mes gènes
Et installent la peine
Dans le rythme de mon cœur
Les battements de douleur
Ils empoisonnent mon sang
ils emprisonnent mon temps.

Bridge :

Mon amour pour la vie
Dépasse leur folie
Je ris, je suis en vie
je défie leur mépris
Je m'en fou de leur plan
Leurs données, leur bilan.
Mes dimensions
Ont dépassées leur cadran

Ils attaquent mes gènes
et installent la peine
Dans le rythme de mon coeur
les battements de douleur
Ils empoisonnent mon sang
je rêve et je respire encore
je vis au-d'là de la mort
je rêve et je respire encore.

Paroles : Jean Winer PASCAL
Musique : Jean Bélony MURAT/BéIO

5-Pwofesè yo

Ou kenbé men-m, pou montré-m ékri
lò-m t-ap grandi kou-w ti bwa kwochi
W-anvésti tan-w, pou-w bati-m, kondi-m
fòme léspri-m, ou béni la vi-m.
Ou edike-m, ou gidé chak pa-m
reyon limyé-m, ou kwape fè nwa-m
Ou préparé-m, ou ba-m yon avni
lò-m réfléchi, sa-w fè pa gen pri.
Pa yon fwa m-sounjé m-té di ou mès
(jan mwen ta dwé ya)
malgré sé yo.

Se yo, Se yo
Pwofésè nou yo
Se yo Se yo
Se yo ki ba nou lanmou
toupatou, chak jou, Se yo.
Mèt lékòl.
Se yo Se yo
Se yo ki ba nou lanmou
Ki bay la vi gou, se yo.

Dè klas matènèl jouk nan tèminal
inivèsite pou rivé nan zétwal
Chak mo-w di, yo maké-m, yo tanpé-m
enspiré-m, lò-m tonbé, yo lévé-m.
Mèsi pou leson ou te konn banm
ou te chanjé vizyon-m le'w te konn kenbe gidon mwen
pou tou sa map diw mèsi jodia
janm ta dwe a, paske se yo

Se yo, Se yo
Pwofésè nou yo
Se yo Se yo
Se yo ki ba nou lanmou
toupatou, chak jou, Se yo.
Mèt lékòl.
Se yo Se yo
Se yo ki ba nou lanmou
Ki fè lavi gou, se yo.
Bridge
Se yo
Yon mizik pap ase pou'm baw respè
Salè a pa ase pou efò wap fè

Ala on metye red an Ayiti se pwofesè,
ou pa janm dekouraje
Se yo, Se yo
Pwofesè nou yo
Se yo Se yo
Se yo ki ba nou lanmou
toupatou, chak jou, Se yo.
Mèt lékòl.
Se yo Se yo
Se yo ki ba nou lanmou
Ki fè lavi gou, se yo.

Lyrics: Jean Winer PASCAL and Jean Bélony MURAT/BÉLO
Mizik: Jean Bélony MURAT/BÉLO

6-Tigason

Néglijé madan gougous, enpòté plastik
twoké mango kònn, kann kréyòl pou krèm sentétik
Bwat Kénédi, bal pèpè révoké tayè
kòdonyé ak koutiryè tounen arryennafè
Gadmanjé, galata, panntyè, lamwa-m nan mizè
ébénis vann métyé-l pou l-al janbé fontyé
Lé pèp pa péchè, men, tout éspwa-l sou lanmè.
Adye mizè, gad on doulè.

Monté kanson-w ti gason
diyité-w sé sèl sa ki rété-w
renmen la vi-w lòt fason
vyé enfliyans finn dézabiyé-w.
Nan kè-w, g-on-w flanm
imaj w-ap pwojté sa sòt nan nanm
Pran san-w, viv tan-w tande tigason
sonjé prensip Papa-w ak Manman-w.

Yo finn pran tout sa-n te genyen
yo ban-n chwa dézyèm men
Y-anvayi sa-n renmen
falsifyé ti sa-n konnen.
Lavé tèt, maré men
Yo pran tout maton pou kréten
Yo pran vyann, yo ban-n zo
Yo pran vrè, yo ban-n fo
Planifye mizè nou,
yo gen patant malè-n
Yo pran kè-n, yo pran tè-n
Eksplòre fon lanmè nou
Rad sou kò-w ou rété
yo vlé- dézabiye nou
men non...

Monté kanson-w ti gason
diyité-w sé sèl sa ki rété-w
renmen la vi-w lòt fason
vyé enfliyans finn dézabiyé-w.
Nan kè-w, g-on-w flanm

imaj w-ap pwojté sa sòt nan nanm
Pran san-w, viv tan-w tande tigason
sonjé prensip Papa-w ak Manman-w.

kochon kreyòl ak poul peyi
konn wout sa ma di a, yo fèl deja
nou pa pa anvi jenès la fè wout saa
kafe pile, mayi griye konn sa map pale a

Bridge:

Koutim yon pèp ki inonde
kilti-w péyi k-ap nwaye
Nanm yon nasyon paka dòmi
pa gen ren, nanpwen sentiwon
Fouk kanson jouk anba talon
Sou ki bit ou kanpé?
Jouskibò sa prale ?

Monté kanson-w ti gason
diyité-w sé sèl sa ki rété-w
Nan kè-w, g-on-w flanm
imaj w-ap pwojté sa sòt nan nanm
Pran san-w, viv tan-w tande tigason
sonjé prensip Papa-w ak Manman-w.

Lyric Jean Bélony MURAT/BéIO & Jean Winer PASCAL
Music: Jean Bélony MURAT/BéIO

7-Geometry of time

Time started yesterday
the day before today
Another day, someday
it comes rolling your way.
tomorrow is today
Today is yesterday
Will there be a new day?
I'm searching everyday.
Eternity through one moment
vast frame of time in each fragment
Merging the days, don't ask me how
to a tiny point that is now.

So, now was there before
it is time's inner core
By now, you might agree
be patient, you shall see
It was, it is, shall be
that's where now meant to be
Now is what was before
it will come back once more.

Time left since yesterday
in one day, it's today
Does not dwell in the past
the future goes too fast.

What comes after today?
tomorrow's on the way
The rhythm of dewfall
the cycle of it all.
It is blending old with the new
as if it is another view
Mixing the past with the present
ancient moment, future segment.

So, now was there before
it is time's inner core
By now, you might agree
be patient, you shall see
It was, it is, shall be
that's where now meant to be
Now is what was before
it will come back once more.

Then, take care of today
day by day and a way
Yesterday is away
tomorrow, the next day.
All is not in the past
what's coming is too vast
today might be your day
don't wait an other day

Lyrics: Jean Winer PASCAL
Music: Jean Bélonny MURAT/BéIO

8-Swiv woutou

NéO...Nou chak son etwal
Nou chak gon eskal
Chak moun gen on wout ki trase pou li deja, poul swiv

Swiv wout ou...
Pa okipe obsatak yo
Swiv woutou...
Fè komsi ou pa we yo
Swiv woutou
Yo laa, yap toujou laa

Mwen fèt nan on vilaj ki pat menm gen kouran
Sa pat anpeche'm te toujou reve gran
pitit yon madanm ki pa fò nan lekti
Men mwen te gen rèv depi'm te tou piti
ak objektif poum sot nan geto a
Mwen aktif, mte vize gwolo a
Menm si, bagay yo pat janm fasil pou mwen
Mte toujou gen anpil bezwen

Swiv wout ou...
Pa okipe obsatak yo
Swiv woutou...
Fè komsi ou pa we yo
Swiv woutou
Obstak yo la, yap toujou laa

A 13 an, m'abite rue A. Jean paul
Pat g'on plas piblik, pat gon teren football
Menm pat janm fokis sou sa katye a pat ka ofri'm
Mwen te wè se on opòtinite nan lavim
Sandy Bernard zanmi'm te gen on radio k7
Mdekouvri ORS (original rap staff) mizik sakap fet
Mwen we Adlerman sanble
Msanti rèv mwen pi pre'm
Kouzen'm Patrick ankouraje'm
Li te toujou ap dim swivwoutou

Swiv wout ou...
Aprann janbe obsatak yo
Swiv woutou...
Fò'w apran kabre chòk yo
Swiv woutou
Siw la, se pa on aza

Mpat janm trouve sèn lekòl la twò piti poum jwe
Avan yo mandem jwe, mte gentan pare
Freestyle, big bass nan rekreyasyon
Se ton vision melanje ak passion
Nan Don-Bosco (Saint Jean Bosco) nan Petion ville
Lakay Kenny (Kenny Michel)
Mwen swiv konsèy kèk bon zanmi
Kite konn dim swiv woutou

NéO swivwoutou tande
Harryell swivwoutou tande
Laurent toujou swivwoutou tande
Nell

Lyric & music: Jean BelOny Murat /BéLO

9-Mon îlot

L'encadrement cassé
L'image quitte le décor
Dedans, tout est brisé
c'est la ruée vers l'or.
Le nouveau, c'est l'ancien
le navire qui revient
Je le vois arriver
affamer, assoiffer.
Il s'accoste au rivage
jetant l'ancre du pillage
Camouflant les carcans
et les canons d'antan.

oh mon île, toi qui pleurs
je comprends ta douleur
je viens t'offrir ces mots
pour guérir tous tes maux.
Te rappeler ta victoire
Petite île, grande histoire

Ta blessure est ouverte
ton drapeau en lambeaux

Une triste découverte
tes entrailles dans l'tombeau.
Le passé qui revient
au coeur du quotidien
Dans cette lutte tribale
érosion nationale.
Les pirates de chez nous
prédateurs d'outre-mer
Les métèques, les voyous
Ils dessinent ton enfer.

oh mon île, toi qui pleurs
tu vis là dans mon coeur.
je viens t'offrir ces mots
pour guérir tous tes maux.
Te rappeler ta victoire
Petite île, grande histoire

bridge
Ici, le vent marin
seul siffle encore ton beau nom
Et les vagues du matin
Ressassant encore ton renom.
C'est vrai, tu rêves encore
d'un lendemain meilleur
Oui, où tout s'améliore
pour un p'tit brin d'bonheur

oh mon île, toi qui pleurs
tu vis là dans mon coeur.
je viens t'offrir ces mots
pour guérir tous tes maux.
Te rappeler ta victoire
Petite île, grande histoire
oh mon île, toi qui pleurs
Petite fleur qui se meurt

Tu grelottes, ils radotent
Tu t'éteints, Ils font le plein.
Tu gémis, tu pâlis
San un bruit, ils fixent les prix.
T'es vendu, t'es battu
Confondu dans la cohue.

Paroles: Jean Winer PASCAL
Musique: Jean Bélonny MURAT/BéLO

10-Bousòl

Nou paka ret tann ankò
Nou deside pou'n fè jefò
Pou nou bay peyi saa, moyen poul ka avanse

Nou pat sanble ak nou ankò
Nou tout gen rezon, nou tout antò
Pandan setan peyia tap tann nou rekonsilye
Gen resous, nou gen fòs, ann fè inite
Nou pap janm ka fè nòs si nou pa marye

Avanse, leve peyi saaa
peyi a se on Bato
navige, nap rive ak lafwa
bousòl nou se libète
nou kanpe, pou fi'n ak mizè saa
la jenès klere flanbo
pou'n klere, soti nan fe nwaaa

bak bak bak
Sa fe lontan nou tap fè bak
nou decide bay kò'n de tap
Pou nou ka divòse ak on sistèm ki pat mache
Kote chak moun fon ti klan, fon ti lajan, fè ti magouy pa yo
Plimen la nasyon, fe koripsiyon, fini ak pratik sa yo
kounya laaa.. Nou decide pou sa chanje
nap chanje direksyon ak mantalite
pou lòt jenerasyon fyè de sa'n kite

Avanse, leve peyi saaa
peyi a se on Bato
navige, nap rive ak lafwa
bousòl nou se linite
nou kanpe, pou fi'n ak mizè saa
la jenès klere flanbo
pou'n klere, soti nan fe nwaaa

Gen resous, nou gen fòs, ann fè inite
pou lòt jenerasyon fyè de sa'n kite

Avanse, leve peyi saaa
peyi a se on Bato
navige, nap rive ak lafwa
bousòl nou se linite
nou kanpe, pou fi'n ak mizè saa
la jenès klere flanbo
pou'n klere, soti nan fe nwaaa

Music : Jael Auguste & BéLO